

Lang Enpòtan

안녕하세요

Здравствуйते!

Hola

Hello

您好

alo




Bilten Sante

Ale sou sitwèb nyc.gov/health pou wè tout Bilten Sante yo.
Rele **311** pou mande kopi gratis.



Aksè nan Sante ak Lang

- Gen plis bagay toujou ki gen enfliyans sou sante pase manje nan fason ki bon pou sante, fè egzèsis ak gen yon bon doktè. Si w jwenn aksè nan sèvis sante nan lang ou pi pito, sa afekte tou kapasite pou w mennen yon vi an sante.
- Dwa pou w resevwa sèvis gratis nan lang ou pi pito a rele aksè nan lang.
- Lwa sou aksè nan lang yo ede tout Moun Vil New York yo konnen chwa yo genyen epi resevwa èd yo bezwen, ansanm ak swen sante.
- Lè plis moun jwenn aksè nan swen sante, sa fè ke tout vil la vin pi an sante pou tout moun.



Moun vil New York yo pale plis pase 200 lang.

Twa lang prensipal yo pale plis nan Vil New York ki pa lang Anglè se Panyòl, Ris ak Kantonè.

Dwa Legal Ou yo



Apeprè 4.25 milyon Moun Vil New York pale lakay yo yon lang ki pa Anglè, epi plis pase mwatye nan moun sa yo pa pale oswa pa li Anglè trè byen. Yo rele yo Moun ki gen Metriz limite nan Anglè (Limited English Proficiency, LEP).



Kèlkeswa sitiyasyon w ak imigrasyon oswa kòd postal ou, ou gen dwa pou w resevwa tout sèvis Vil la nan lang ou pi pito a.



Moun Vil New York ki bezwen èd nan lang ka mande sèvis nan lang yo pi pito nan nenpòt ajans gouvènman Vil New York City (NYC).


Men lwa ki pwoteje dwa pou w jwenn sèvis yo nan lang pa w:



- Vil New York: Lwa Lokal 30
- Eta New York: Dekrè Egzekitif Nimewo 26
- Gouvènman Federal Etazini: Tit VI nan Lwa 1964 sou Dwa Sivil ak Dekrè Egzekitif 13166

Kraze Baryè yo

- Lè w ale nan Depatman Sante oswa nan nenpòt ajans leta Vil New York, mande sèvis nan lang ou pi pito a. Pèsonèl la ka rele yon entèprèt pwofesyonèl pou ou.
- Ou ka mache ak kat “I speak” la lè w ale nan ajans leta Vil New York yo pou w mande sèvis gratis pou lang. Ale nan **nyc.gov/health** epi chèche **I speak** (mwen pale) pou w telechaje oubyen enprime kat “I speak” la. Ou ka dekoupe kat ki anba la a tou.



Sèvis nan Lang Pa W

Èd nan lang disponib pou tout sèvis Depatman Sante ansanm ak:



Swen sante nan lopital ak klinik piblik yo (ansanm ak nan Klinik Sante Seksyèl yo, Klinik Vaksinasyon yo ak Klinik pou Tibèkiloz yo)



Aksè nan dosye vaksen ou yo



Fòmasyon pou bay Premye Swen pou Sante Mantal



Pwogram nan Sant Aksyon pou Sante Katye yo



Aplikasyon pou batistè ak sètifika desè

Pou jwenn plis sèvis Vil la nan lang ou pi pito, ale nan **nyc.gov** epi chèche **civic services** (sèvis sivik).

Resous

Konekte



@nychealthy



nychealth



@nychealthy



nychealth



nyc health

Jwenn Plis Enfòmasyon

Ale nan **nyc.gov/health** epi chèche
Language Services (Sèvis pou Lang)

Resevwa Dènye Bilten Sante

Voye yon imèl bay
healthbulletins@health.nyc.gov



Ale sou sitwèb **nyc.gov/health/pubs** pou jwenn Bilten Sante sa a nan lòt lang ak lòt materyèl sante ki tradwi. Ou gen dwa pou resevwa sèvis yo nan lang ou. Sèvis sa yo gratis nan tout biwo ak klinik Depatman Sante Vil New York.